



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ANGAJMAN LAPOLIS ETA POU OGMANTE RAN FANM LAPOLIS ETA YO

Lapolis Eta New York siyen pwomès 30X30 pou ogmante pousantaj fanm yo rekrite yo nan 30 pousan disi 2030

Efò yo ranfòse pwogram rekritman reyimajine NYSP te lanse pou ogmante divèsite

Egzamen antre ofisye NYSP yo ouvri pou enskripsyon jiska 10 avril

Pandan Mwa Istwa Fanm yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York te mete ak lòt depatman lapolis atravè peyi a nan siyen "pwomès 30x30" lan, yon angajman pou ogmante reprezantasyon fanm nan ran Lapolis Eta a ak amelyore eksperyans fanm yo nan fè aplike lalwa. Angajman santral pwomès la se pou fanm yo rive nan 30 pousan gwoup rekrite yo disi 2030 ak pou asire ajans pou fè aplike lalwa yo byen reprezante jiridiksyon ak kominote y ap sèvi yo. Pwomès la fè pati efò Lapolis Eta pou divèsifye manm li yo.

"Travay lapolis se konsènan sèvis piblik yo epi ajans pou fè aplike lalwa yo pi efikas lè yo gen gwo koneksyon ak reflekte divèsite kominote y ap sèvi yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lapolis Eta a te kreye plis pase 100 ane de sa apre efò detèmine de fanm. Nou pral konstwi eritaj sa ak kontinye divèsifye ran nou yo, epi mwen ankouraje tout moun ki enterese pwofite opòtinite a pou gen yon enpak pwofon ak pozitif sou lavi lòt moun nan antre nan kominote lapolis sa".

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Avni siksè ajans nou an pral repoze sou kapasite nou pou atire gwoup kandida ki pi talantye ak divèsifye posib pou tounen ofisye lapolis Eta New York. Nou fyè pou nou kanpe avèk plizyè douzèn lòt ajans pou fè aplike lalwa ki te pran yon aganjman pou Inisyativ 30x30 lan".

Pwomès la se yon efò Inisyativ 30x30 lan te mennen, yon kowalisyon lidè lapolis, chèchè ak òganizasyon pwofesyonèl ki te mete ansanm pou fè avanse reprezantasyon ak eksperyans fanm nan tout ran nan lapolis atravè Etazini. Inisyativ 30x30 lan afilye avèk Pwojè Lapolis nan NYU School of Law ak Asosyasyon Nasyonal Fanm

Responsab pou Fè Aplike Lalwa (National Association of Women Law Enforcement Executives, NAWLEE).

Plis pase 150 depatman lapolis atravè peyi a, sa gen ladan NYPD, te siyen Pwomès 30x30 lan.

Ajans yo ki siyen Pwomès 30x30 lan te dakò pou:

- Pran mezi pou ogmante reprezantasyon fanm nan tout ran lapolis.
- Asire règleman ak pwosedi yo pa gen prejije.
- Ankouraje anbochman, retansyon ak pwomosyon ofisye fanm yon fason ekitab; epi
- Asire kilti yo enklizif, respektive ak solidè pou fanm nan tout ran ak wòl nan lapolis.

Nan tout peyi a, fanm yo reprezante anviwon 12 pousan manm ki fè sèman yo, epi patisipasyon fanm nan Lapolis Eta a nan 11.6 pousan.

Sitou, Divizyon Lapolis Eta a te kreye akòz efò de fanm, Moyca Newell ak Katherine Mayo. An 1913, yon kontremèt konstriksyon te sibi اساسina pandan yon vòl nan Konte Westchester. Piske pa te gen okenn depatman lapolis lokal nan moman an, اساسen mesye a te chape. Patwon li an, Newell, ansanm ak zanmi li an, Mayo, te lanse mouvman an pou kapab fòme yon depatman lapolis eta k ap bay pwoteksyon pou tout zòn rural New York yo. Kòm rezilta efò yo, nan dat 11 avril 1917, Kò Lejislatif Eta New York la te apwouve yon nouvo lwa ki te etabli Divizyon Lapolis Eta a. An 1974, premye kat fanm lapolis Eta a yo te gradye nan Akademi Lapolis Eta New York.

Lapolis Eta a te siyen Pwomès 30x30 lan nan kad kanpay rekritman aktyèl li pou egzamen antre Divizyon an, ki se premye etap pou tounen Ofisye Lapolis Eta New York. Nan kad efò pou rekrite yon popilasyon ki pi divèsifye, Lapolis Eta a te chanje egzamen an sou yon fòm enfòmasyon pou premye fwa, sa ki rann li pi aksesib. Egzamen an disponib nan 54 sant tès nan Eta New York, plis pase 250 lokal nan Etazini, ak nan 112 lokal militè atravè monn lan. Kandida yo ap kapab chwazi ki kote ak kilè pou yo pran egzamen an.

Lapolis Eta a te refè pwogram rekritman li an pou atenn plis kandida fanm ak minorite epi te rankontre ak lidè kominotè yo atravè eta a pou poze fondasyon pou plis relasyon pwodiktif, alontèm.

Delè pou enskri pou egzamen antre kòm ofisye lapolis Eta New York se 10 avril 2022. N ap jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb rekritman Lapolis Eta a:

<https://joinstatepolice.ny.gov/>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)